



Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Republik Indonesia
2024

Ora Kudu Larang

Tidak Harus Mahal

Penulis : Harjanti Dian Nurani
Ilustrator: Puput Aridhijayati







Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Republik Indonesia
2024

Ora Kudu Larang Tidak Harus Mahal

Penulis : Harjanti Dian Nurani

Ilustrator: Puput Aridhijayati

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Republik Indonesia.**

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**Ora Kudu Larang
(Tidak Harus Mahal)**

Penulis : Harjanti Dian Nurani
Ilustrator : Puput Aridhijayati
Penerjemah : Cahya Fandhy Yudanto
Penyunting : 1. Bahasa Jawa : Galang Prastowo
2. Bahasa Indonesia: Endah Nur Fatimah
Penata Letak : Puput Aridhijayati
Tim Pelaksana: 1. Wuri Rohayati
2. Wuroidatil Hamro
3. Nindwihapsari
4. M. Haris Ardhani
5. Rino Edrianto

Penerbit

Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2024
ISBN 978-623-504-895-6 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic, Arial.
ii, 19 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Bahasa Menyapa

Hai, Pembaca yang Budiman.


Pada tahun 2024 Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta kembali mempersembahkan 97 buku cerita anak seperti yang dilakukan pada tahun 2023. Jika pada tahun 2023 ada sepuluh buku cerita yang bersumber dari manuskrip koleksi Balai Bahasa Provinsi DIY, pada tahun 2024 ini buku cerita sepenuhnya bersumber dari nuansa lokal Yogyakarta dan sekitarnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya. Semoga buku ini dapat mendorong minat membaca masyarakat. Selain itu, kami berharap bahwa melalui buku ini, semangat masyarakat dalam melestarikan bahasa daerah makin kuat.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY,

Dwi Pratiwi




Sasi iki lagi usum layangan. Akèh bocah ngundha layangan. Bima uga péngin ngundha layangan, nanging durung duwé layangan.

Bima ngerti yèn layangan iku digawé saka pring. Bima dadi kèlingan yèn pakdhéné sing asmané Pak Bakti kagungan wit pring.

Bulan ini sedang musim layang-layang. Banyak anak bermain layang-layang. Bima juga ingin bermain layang-layang, tetapi belum punya layang-layang.

Bima tahu kalau layang-layang itu dibuat dari bambu. Bima jadi teringat kalau pakdenya yang bernama Pak Bakti punya pohon bambu.



Bima duwé angen-angen arep dolan menyang dalemé pakdhé karo kanca-kancané. Bima arep nyuwun pring marang Pakdhé kanggo gawé layangan. Bima pracaya yèn gawé dhéwé, saliyané ngirit uga néng ati luwih marem.

Setu sekolah prèi, dadi Bapak lan Ibu marengaké Bima dolan nggoné pakdhené. Apa manèh dalemé Pakdhé ora pati adoh. Omahé Bima karo dalemé Pakdhé udakara 500 mèter.

Bima punya keinginan untuk pergi ke rumah pakdenya bersama teman-temannya. Bima mau minta bambu kepada Pakde untuk membuat layang-layang. Bima yakin bahwa membuatnya sendiri, selain irit, bisa membuat hati lebih puas.

Sabtu sekolah libur, jadi Bapak dan Ibu mengizinkan Bima ke rumah pakdenya. Apalagi, rumah Pakde tidak terlalu jauh. Jarak rumah Bima dengan rumah Pakde sekitar 500 meter.



Jam setengah wolu ésuks, Bima lan kanca-kancaé wis tekan dalemé Pak Bkti. Pakdhéné Bima bungah banget diparani ponakan lan kanca-kancaé.

“Éh, mréné padha mlebu!” Pak Bkti katon sumringah. “Njanur gunung, ana apa, Lé, mréné ramé-ramé?” pitakoné Pak Bkti. “Kula sowan mriki badhé nyuwun pring, Pakdhé,” wangsulané Bima.

Jam setengah delapan pagi, Bima dan teman-temannya sampai di rumah Pak Bkti. Pakde Bima senang sekali didatangi keponakan dan teman-temannya.

“Eh, sini pada masuk!” Pak Bkti terlihat gembira.

“Tumben, Bim, ada apa kok ke sini ramai-ramai?” tanya Pak Bkti.

“Saya datang ke sini mau minta bambu, Pakde,” jawab Bima.



“Pring arep kanggo apa, Bim?” Pak Bkti takon manèh. “Badhé kanggé damel layangan, Pakdhé,” ujaré Bima. “Peneran, dina iki Pakdhé arep ngethok pring kanggo lincak,” Pak Bkti mangsuli.

Pak Bkti banjur tumuju kebon wétan omah. Bima lan kanca-kancané ngetutaké Pak Bkti néng kebon.

“Bambu untuk apa, Bim?” tanya Pak Bkti lagi. “Mau dipakai buat layang-layang, Pakde,” ujar Bima. “Kebetulan hari ini Pakde mau menebang bambu buat lincak,” kata Pak Bkti.

Pak Bkti lalu menuju pekarangan di timur rumah. Bima dan teman-temannya mengikuti Pak Bkti ke pekarangan.

Pak Beki miwiti ngethok pring. Pring sing arep kanggo gawe lincak disisihaké. Pring sing arep kanggo gawé layangan diwènèhaké Bima.

Bocah-bocah banjur ngethoki pring miturut ukuran rangka layangan sing wis dirancang. Sadurungé dikethok, pring diukur nganggo mèteran. Pring sing wis dikethok, disèsèti nganti kira-kira sakukuran biting.

Pak Beki mulai menebang bambu. Bambu yang akan dipakai membuat lincak disisihkan. Bambu yang akan dipakai membuat layang-layang diberikan kepada Bima.

Anak-anak lalu memotong bambu sesuai dengan rangka layang-layang yang sudah dirancang. Sebelum dipotong, bambu diukur menggunakan meteran. Bambu yang sudah dipotong, disayati hingga kira-kira seukuran lidi.



Bima seneng banget amarga bisa gawé layangan bareng kanca-kanané. Ora krasa wis wayah luhur. Layangan uga wis dadi.

Saiki Bima lan kanca-kanané wis duwé layangan. Rasané marem duwé layangan gawéané dhéwé. Layangan pancèn murah regané, nanging yèn digawé bareng kanca-kanca, dadi larang regané.

Bima senang sekali karena bisa membuat layang-layang bersama teman-temannya. Tidak terasa sudah masuk waktu zuhur. Layang-layang pun sudah jadi.

Sekarang Bima dan teman-temannya sudah punya layang-layang. Rasanya puas karena punya layang-layang buatan sendiri. Layang-layang memang murah harganya, tetapi jika dibuat bersama teman-teman, jadi mahal harganya.



“Amarga layanganipun sampun dados, Bima kaliyan kanca-kanca nyuwun pamit, Pakdhé,” Bima pamit. “Arep néng ngendi kok kesusu?” pitakoné Pak Bkti. “Kaé Budhé masak jangan lodhèh, ayo, mangan dhisik,” Pak Bkti nawani mangan.

Nalika bocah-bocah mangan, Pak Bkti nglumpukaké turahan pring sing ora kanggo. Pak Bkti ngendhika, “Kaé isih ana pring turah sing bisa digunakaké!” “Kula betané nalika Bénjang saged kanggé damel dolanan sanèsipun,” ujaré Bima.

“Karena layang-layang sudah jadi, Bima dan teman-teman pamit dulu, ya, Pakde,” ucap Bima. “Mau ke mana kok buru-buru?” tanya Pak Bkti. “Itu Bude masak sayur lodeh, ayo, makan dulu,” Pak Bkti menawarkan makan.

Saat anak-anak makan, Pak Bkti mengumpulkan sisa bambu yang tidak dipakai.

Pak Bkti bilang, “Itu masih ada sisa bambu yang bisa digunakan.” “Saya bawa agar bisa dipakai untuk membuat mainan lainnya, Pakde,” ujar Bima.



Dina Minggu éruk Bima, Arga, Dhika, lan Barja ngundha layangan. Bima miwiti ngundha layangan, nanging layangané ora gelem munggah. Dicoba bola-bali, nanging isih durung kasil.

Sawisé Bima, Arga uga nyoba ngundha layangan, nanging isih durung kasil. “Néng kéné ora ana angin, ayo, pindhah waé!” kandhané Arga. Bocah-bocah sarujuk pindhah Kridosono, stadion olahraga kang kondhang ing Ngayogyakarta.

Hari Minggu pagi, Bima, Arga, Dhika, dan Barja bermain layang-layang. Bima mulai menerbangkan layang-layang, tetapi layang-layangnya tidak mau terbang. Sudah dicoba berulang kali, tetapi belum juga berhasil.

Sesudah Bima, Arga juga mencoba menerbangkan layang-layang, tetapi masih belum berhasil. “Di sini tidak ada angin, ayo, pindah saja!” seru Arga. Anak-anak setuju pindah ke Kridosono, stadion olahraga yang terkenal di Yogyakarta.



Tekan Kridosono, layangané diundha. Layangané Bima mbaka sehithik bisa munggah. Saya suwé saya dhuwur, semana uga layangané Arga lan Barja.

Layangané Dhika durung bisa munggah. Nalika weruh kahanan kuwi, Bima nyèlèhaké layangané, banjur ngajari Dhika ngundha layangan.

Sesampainya di Kridosono, layang-layang diterbangkan. Layang-layang Bima sedikit demi sedikit bisa terbang. Makin lama makin tinggi, begitu juga layang-layang Arga dan Barja.

Layang-layang Dhika belum bisa terbang. Ketika melihat kondisi itu, Bima meletakkan layang-layangnya, lalu mengajari Dhika menerbangkan layang-layang.



“Layangan disèlèhaké néng ngisor, banjur bolahé dicekel. Banjur, mlaku mundur alon-alon karo narik munggah!” Bima ngarahaké.

“Yèn layangan wiwit dhuwur, baka sithik diulur bolahé supaya bisa mabur dhuwur. Bolah ditarik alon-alon, aja kesusu!” Bima nambahi.

“Layang-layang diletakkan di bawah, lalu benangnya dipegang. Kemudian, kita berjalan mundur pelan-pelan sambil menariknya naik!” Bima mengarahkan.

“Kalau layang-layang mulai naik, sedikit demi sedikit diulur benangnya supaya terbang tinggi. Benang ditarik pelan-pelan, jangan terburu-buru!” tambah Bima.

Dhika nyoba ngundha layangan manèh, nanging isih durung bisa. Dhika susah, jalaran durung bisa ngundha layangan dhéwé. Arga nyemangati Dhika, “Ayo, Dhika, kowé mesthi bisa!”

Saka kadohan Barja malah nggeguyu Dhika. “Wis, Dhika ditinggal waé, ngono waé ora bisa,” Barja moyoki Dhika. Dhika tambah susah lan kaya arep nangis.

Dhika mencoba menerbangkan layang-layang lagi, tetapi masih belum bisa. Dhika sedih karena belum bisa menerbangkan layang-layang sendiri. Arga menyemangati Dhika, “Ayo, Dhika, kamu pasti bisa!”

Dari kejauhan Barja malah menertawakan Dhika. “Sudah, Dhika ditinggal saja, begitu saja tidak bisa,” Barja mengejek Dhika. Dhika tambah sedih dan tampak ingin menangis.



Kanthi sabar Bima isih ngajari Dhika, nanging Dhika isih durung bisa.

“Aku ora bisa, Bim, aku tak nonton waé,” ujaré Dhika.

“Wis, kowé lèrèn dhisik, omongané Barja ora usah dirungokaké!” Bima nglipur.

“Ngundha layangan kudu ngerti arah angin lan kudu sabar!” Bima nambahi.

Dengan sabar, Bima masih mengajari Dhika, tetapi Dhika masih belum bisa.

“Aku tidak bisa, Bim, aku nonton saja,” ujar Dhika.

“Kalau begitu, kamu istirahat dulu saja, jangan hiraukan omongan Barja!” hibur Bima.


“Menerbangkan layang-layang harus tahu arah angin dan harus sabar!” tambah Bima.

Dhika lungguh néng pinggir lapangan karo ngalamun. “Upama aku bisa ngundha layangan, éndah kaya apa senengé,” batiné Dhika.

Dumadakan Dhika weruh ana wong dodol dolanan lagi muter gangsing. Dhika mbatin, “Kayané dolanan iku nyenengaké.” Kasusahan atiné langsung ilang.

Dhika duduk di pinggir lapangan sambil melamun. “Kalau aku bisa menerbangkan layang-layang, betapa senangnya,” batin Dhika.

Tiba-tiba Dhika melihat penjual mainan yang sedang memutar gasing. Dhika membatin, “Sepertinya mainan itu menyenangkan.” Kesedihannya langsung hilang.



Barja marani Dhika, banjur takon jeneng dolanan kuwi, nanging Dhika ora ngerti. Dhika banjur takon marang bakulé. Bakul dolanan mau ngandharaké yèn dolanan kuwi jenengé gasing.

Sejatiné Dhika péngin tuku dolanan kuwi, nanging ora nggawa dhuwit. Dhika mikir yèn dolanan kuwi kayané digawé saka pring. Dhika banjur ngajak kanca-kanca gawé gasing.

Barja menghampiri Dhika, lalu menanyakan nama mainan itu, tetapi Dhika tidak tahu. Dhika lalu bertanya kepada penjualnya. Penjual mainan menjelaskan bahwa mainan itu bernama gasing.

Sebenarnya Dhika ingin membeli mainan itu, tetapi dia tidak membawa uang. Dhika berpikir bahwa mainan itu sepertinya dibuat dari bambu. Dhika lalu mengajak teman-temannya membuat gasing.



Minggu awan sawisé saka Kridosono, bocah-bocah padha ngumpul néng omahé Bima. Bocah-bocah padha gawé gangsing lan Dhika rampung dhisik dhéwé. Ora nyana, gangsingé Dhika bisa muter cepet lan suwé banget.

Bima, Arga, lan Barja nonton gangsingé Dhika sing muter cepet lan suwé. Bocah-bocah gumun weruh gangsingé Dhika. “Kowé gawé gangsing sing akèh banjur didol. Mesthi laris, Dhik!” ujaré Barja.

Minggu siang sepulang dari Kridosono, anak-anak berkumpul di rumah Bima. Anak-anak mencoba membuat gasing dan Dhika selesai paling awal. Tidak disangka, gasing milik Dhika bisa berputar cepat dan lama sekali.

Bima, Arga, dan Barja menonton gasing Dhika yang berputar cepat dan lama. Anak-anak terkagum-kagum melihat gasing Dhika. “Kamu bikin gasing yang banyak, lalu dijual. Pasti laris, Dhik!” ujar Barja.



Pancèn bocah kuwi duwé kesenengan lan kepinteran dhéwé-dhéwé. Sing bisa ora kena moyoki sing durung bisa. Sing bisa malah kudu ngajari sing durung bisa.

Sing durung bisa ora prelu mindher. Kita kudu dadi bocah sing percaya marang awaké dhéwé. Mulané, kita kudu gelem sinau lan srawung kanthi becik.

Setiap anak itu memang mempunyai kesenangan dan kepandaian masing-masing . Yang sudah bisa tidak boleh mengejek yang belum bisa. Yang sudah bisa seharusnya mengajari yang belum bisa.

Yang belum bisa tidak perlu rendah diri. Kita harus menjadi anak yang percaya pada diri sendiri. Oleh karena itu, kita harus mau belajar dan bergaul dengan baik.



Glosarium

biting : potongan bambu atau lidi
njanur gunung: tidak seperti biasanya
udakara : kira-kira, kurang lebih

Biodata



Penulis

Harjanti Dian Nurani adalah guru di SD Muhammadiyah Karangkajen, Yogyakarta. Ia mengajar sejak tahun 2003. Ia terlahir di Yogyakarta, 14 Juli 1975 dari Ayahanda, Suta Asahar Radiangoro, dan Ibunda, Siti Asiyah.

Berbagai pelatihan menulis pernah diikutinya. Ia menyadari bahwa untuk dapat berkembang, ia harus terus belajar tanpa mengenal batas usia. Dengan makin banyak mengikuti pelatihan, hal itu akan memperkaya pengetahuan dan wawasan. Menulis adalah salah satu cara menerapkan ilmu yang diperoleh agar makin banyak memberi manfaat bagi diri sendiri dan orang lain. Harjanti Dian Nurani dapat dihubungi melalui ponsel 0895417267050; pos-el nuranijanti@gmail.com; dan Facebook jantinurani@gmail.com.



Penerjemah

Cahya Fandhy Yudanto yang biasa dipanggil Yuda lahir di Surakarta. Yuda adalah lulusan Bahasa Inggris, UNS. Yuda sudah mulai menerjemahkan sejak kuliah. Selain menerjemahkan, Yuda juga mengajar Bahasa Inggris untuk berbagai kalangan usia.

Yuda menerjemahkan naskah berbahasa Inggris-Indonesia, Inggris-Jawa, dan Indonesia-Jawa. Yuda juga sering menghadiri kegiatan seminar serta lokakarya di bidang penerjemahan. Yuda dapat dihubungi melalui surel di yudafandhy06@gmail.com.



Penyunting Bahasa Jawa

Galang Prastowo yang kini mengajar di salah satu universitas di Yogyakarta dahulu merupakan guru SD. Sejak menjadi guru SD inilah ia menyukai sastra anak hingga kini.



Penyunting Bahasa Indonesia

Endah Nur Fatimah lahir di Purworejo pada 27 Desember. Ia bekerja sebagai Widyabasa Ahli Muda di Balai Bahasa Provinsi DIY dan tergabung dalam Kelompok Kepakaran dan Layanan Profesional (KKLP) Pembinaan dan Bahasa Hukum. Ia aktif sebagai penyunting bahan bacaan literasi sejak 2016. Ia dapat dihubungi melalui posel endahnurfa27@gmail.com



Ilustrator

Puput Aridhijayati dilahirkan di Bengkulu pada 3 Mei 1994. Ilustrator memiliki ketertarikan pada kegiatan melukis sejak kecil. Berangkat dari hobi melukis dan mendesain busana mengantarkan Puput pada dunia ilustrasi busana dan melukis dengan media cat air dengan konsep realis. Selain menjadi tenaga lepas ilustrator, dia juga mengisi kelas busana, baik reguler maupun privat. Pembaca dapat menghubungi Ilustrator melalui posel puputari586@gmail.com dan Instagram [@puputariy](https://www.instagram.com/puputariy).





Akses buku-buku produk penerjemahan lainnya melalui laman:

<https://penerjemahan.kemdikbud.go.id>



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

Bima dan kanca-kanca, yaitu Arga, Dhika, dan Barja gawé layangan bareng-bareng neng dalemé Pak Bakti. Bima bungah banget bisa gawé layangan bareng kanca-kanca. Layangané Bima, Arga, dan Barja baka sithik bisa munggah. Saya suwé saya dhuwur. Nanging, layangané Dhika durung bisa munggah.

Sawisé diajari Bima, Dhika nyoba ngundha layangan manèh, nanging isih durung bisa. Barja kang meruhi kuwi malah moyoki Dhika sing durung bisa ngundha layangan. Mesti waé atiné Dika dadi susah. Sawisé dipoyoki Barja, apa Dhika banjur bisa ngundha layangan?

Bima dan teman-temannya, yaitu Arga, Dhika, dan Barja bersama-sama membuat layang-layang di rumah Pak Bakti. Bima senang sekali bisa membuat layang-layang bersama teman-teman. Layang-layang Bima sedikit demi sedikit bisa terbang. Makin lama makin tinggi. Begitu juga layang-layang Arga dan Barja. Namun, layang-layang Dhika belum bisa terbang.

Sesudah diajari Bima, Dhika mencoba lagi, tetapi masih belum berhasil. Barja yang mengetahui hal itu malah mengejek Dhika yang belum bisa menerbangkan layang-layang. Pasti hati Dhika sedih. Setelah diejek Barja, apakah Dhika bisa menerbangkan layang-layang?

ISBN 978-623-504-895-6 (PDF)



Kementerian Pendidikan Dasar dan Menengah
Republik Indonesia
2024